



Ranplasman Wout 24 ki pase anlè Pon Canton Street Reyinyon Piblik Vityèl pou Enfòmasyon

Sa k ap pase?

Rezon pou reyinyon sa a, se pou prezante pwojè Ranplasman Wout 24 ki pase anlè Pon Canton Street la bay piblik la ankò, anvan gwo travay konstriksyon yo kòmanse pandan sezon prentan 2024 la. MassDOT pral bay yon apèsi sou pwojè a, k ap montre kalandriye travay konstriksyon yo, ak konsekans yo sou trafik ak pou kominote a. Moun ki vin patisipe yo pral gen chans pou yo poze kesyon ak fè kòmantè.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

MassDOT pral sèvi avèk metòd Akselere pou travay Konstriksyon Pon, pou redwi konsekans yo pou piblik k ap pase nan kote a. Yo pral fèmen pandan wikenn 5 pou rive 8 avril la, pou ranplase pati pon ki nan direksyon Sid sou Wout 24 la, epi fèmen ankò depi 3 pou rive 6 me pou ranplase pati pon ki nan direksyon Nò a. Pandan wikenn sa yo, Canton Street ki pase anba pon an pral fèmen tou, pou pwoteksyon piblik la pandan aktivite konstriksyon k ap fè anlè a.

Kilè

Lendi 11 mas 2024
6:00 diswa – 7:30 diswa

Pou Patisipe

www.mass.gov/orgs/highwaydivision/events



Gade nan adrès <https://www.mass.gov/route-24-over-canton-street-bridge-replacement-project> pou plis enfòmasyon.



Pou MassDOT sèten moun ka patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonnab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòma altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande fè aranjman sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580, oswa nan adrès MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, kidonk ant 10 ak 15 jou anvan aktivite a si sa posib.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou nan adrès elekwonnik massdotrt24overCanton@dot.state.ma.us. Si ou gen nenpòt deklarasyon ekri sou travay yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a : **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: MAJOR PROJECTS, PROJECT FILE NO. 612188**